



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON PWOJÈ 8 MILYON DOLA POU RANPLASE DE PON SOU INTERSTATE 81 NAN VIL CORTLAND

Nouvo pasaj anlè liy fewovye abandone a pral fasilite depasman sou atè sikilasyon vital nan New York Santral epi fasilite aksè pou nouvo wout pou itilizasyon pataje

Investisman an konplete inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon pwojè 8 milyon dola ki ranplase de pon sou Interstate 81 nan Vil Cortland, Konte Cortland. De estrikti ki te konstwi dabò an 1966 pral travèse Chemen de fè Lehigh Valley ki te abandone depi lontan, yo te ranplase avèk pasaj modèn ki konstwi anlè de ponso an beton ki pral fasilite depasman ak amelyore sekirite sou youn nan atè New York Santral ki gen plis sikilasyon vital. Ponso yo pral fasilite tou konstriksyon yon wout pou itilizasyon pataje anba otowout la ke Vil Cortland anvizaje pou konekte lari yo anba lavil la avèk Pak Yaman, yon enstalasyon lwazi popilè ki sitiye nan nòdès anba lavi Cortland.

"Pwojè tankou sa yo pou modènize rezo transpò rejyonal yo ap ede asire nou gen enfrastrikti nou bezwen pou kontinye retou ekonomik nou ak rete konpetitif alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ranplasman pon sa yo pral pèmèt pasaje nan zòn Cortland yo ak lòt otomobilis yo gen yon depasman ki pi fasil, pandan sa ap sipòte yon sistèm transpò ki pi fyab ak rezistan pou plizyè deseni alavni".

Nouvo pasaj yo gen ladan akòtman ki pi laj, ki pi aliye avèk otowout ki egziste a pase pon orijinal yo, sa ki pèmèt yon tranzisyon ki pi fasil ant trave yo ak wout la. Akòz pa gen chemen de fè ki aktif ankò ki pase anba otowout la, nouvo pasaj yo pi kout tou, sa ki pèmèt ponso an beton yo itilize olye pou itilize plis estrikti pon tradisyonèl yo. Ponso ki gen kat kote yo, ki gen 17 pye wotè ak apeprè 20 pye lajè, te konstwi sou plas avèk 56,000 vèj kib ranblè ki te kouvri estrikti yo epi konstwi ranblè a. Pou fasilite plan Vil Cortland yo pou amelyore aksè ak Pak Yaman avèk yon nouvo wout ki gen itilizasyon pataje, ponso yo te konsevwa pou akomode aktivite lwazi ak veyikil ijans yo.

Konstriksyon sou pwojè a te kòmanse nan me 2020 epi sikilasyon entè-etatik la te rete nan itilize yon re-aliyman pasaj tanporè.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Pwojè sa a demontre angajman New York pou rekonstwi pi byen nan kreye yon rezo transpò 21yèm syèk ki amelyore depasman, ranfòse kominote nou yo ak estimile kwasans ekonomik. Nouvo pasaj sou otowout sa yo ak ponso yo amelyore rezistans youn nan wout nan rejyon an ki gen plis vwayaj sou li epitou pral ede asire sikilasyon kontinyèl moun, byen ak aksè nan opòtinite lwazi atravè koridò enpòtan sa a pou anpil ane alavni".

Senatè Peter Oberacker, te deklare, "Yon enfrastrikti solid se yon bagay esansyèl pou sekirite piblik ak devlopman ekonomik. Ranplasman pon sa yo satisfè bezwen esansyèl k ap asire I-81 kontinye satsifè demann sila yo k ap viv ak travay nan Cortland ak odela. Konstwi trave sa yo nan pran an kont nesosite pou lwazi alavni yo nan Vil Cortland mete pwojè sa a nan somè".

Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare, "Mwen kontan wè achèvmman amelyorasyon pon sa yo pou yon wout ki vital pou Cortland. Asire sekirite ak fasilite depasman pou rezidan ak vizitè yo se yon envestisman enpòtan pou fè nan kominote a. Mwen enpasyon pou m kontinye travay avèk kominote a pou ogmante aksè ant Vil Cortland ak Pak Yaman pou pyeton ak siklis yo".

Manm Asanble John Lemondes te deklare, "Mwen kontan wè envestisman an nan kominote riral nou yo kontinye avèk 8 milyon dola pou pon nou yo. Kontan Cortland obsève anpil trafik bò kote abitan yo epi sa pral sèvi rezidan nou yo pi byen pou plizyè ane alavni".

Swiv Depatman Transpò Eta New York sou Twitter ak @NYSDOT ak @NYSDOTSyracuse. Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://www.facebook.com/NYS DOT).

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)